

Tretman akselere pou patnè a (Expedited Partner Therapy, EPT) pou gonore:

Yon gid pou patnè ki te resevwa Cefixime



Poukisa mwen resevwa preskripsyon oswa medikaman sa a?

Doktè dekouvri youn nan patnè seksyèl ou yo gen gonore, yon enfeksyon ki pwopaje lè moun ap fè sèks nan bouch, nan dèyè oswa nan vajen. Yon pwofesyonèl swen sante bay patnè seksyèl ou a yon preskripsyon oswa medikaman pou li ba ou pou ka trete ak gonore. Epi tou, ou bezwen swiv tretman pou w pa gen gwo pwoblèm sante, pou pa re enfekte patnè seksyèl ou a (yo) oswa pou pa bay lòt moun enfeksyon an.



Kisa gonore ye?

Gonore se yon enfeksyon moun pran nan fè sèks (sexually transmitted infection, STI) epi ki pwopaje lè moun ap fè sèks nan bouch, nan dèyè oswa nan vajen. Gen posiblite pou moun ki gen gonore pa santi okenn sentòm. Si yon moun santi sentòm, se kapab doulè oswa kanal brile lè l ap pipi, ak pij oswa likid k ap soti nan peni, nan vajen oswa nan dèyè l. Ou ka bay lòt moun gonore menm si w pa santi okenn sentòm. Si gonore a pa trete, li ka mennen gwo pwoblèm sante.



Kisa medikaman sa a ye?

Medikaman an se yon antibyotik yo rele Cefixime L ap trete enfeksyon gonore w la men li p ap trete lòt STI yo. Li san danje epi li efikas lè ou pran l jan ou dwe pran l.

Anvan w pran cefixime, pale ak yon pwofesyonèl swen sante si w gen pwoblèm sante grav, depi lontan tankou maladi ren, maladi kè oswa

maladi nan fwa; oswa maladi gastwoentestinal, espesyalman kolit (yon maladi ki lakòz anflamasyon nan pawa kolon an oswa gwo trip); si w soufri kriz epilepsi; oswa si w ap pran medikaman antikowagilan.

Pinga w pran cefixime si w gen **nepòt** nan bagay sa yo:

- Ou alèji ak antibyotik yo oswa yo konn gen move reyaksyon sa yo sou ou (tankou pwoblèm pou respire, kontraksyon pwatrin, gòj bouche, anflamasyon po bouch oswa lang, oswa gratèl) oswa alèji ak nepòt antibyotik, tankou ceftriaxone (Rocephin) ak antibyotik penisilin (tankou anpisilin, amoksisilin oswa Augmentin, Pen-VK oswa penisilin V potasyòm oswa penisilin G benzathine [Bicillin L-A]).
- Si w gen nepòt nan pwoblèm sa yo, al wè yon pwofesyonèl swen sante pi vit posib pou yo ka ba w lòt medikaman ki trete gonore.



Poukisa mwen dwe pran medikaman sa a?

Si gonore a pa trete, li ka lakòz gwo pwoblèm sante tankou:

- Enfètilite — lè moun pa kapab fè pitit
- Gwosès ektopik — lè fi a gen yon timoun k ap fòme deyò matris li, se yon sityasyon ki ka mete lavi l an danje
- Enfeksyon nan testikil, sa a lakòz doulè ak fyèv
- Maladi basen anfle (Pelvic inflammatory disease, PID) - Se yon maladi ki afekte matris la, twonp falòp yo ak ovè yo e ki bay gwo doulè



Kòman mwen dwe pran medikaman sa a?

- Pran medikaman an nan bouch. Pa pataje l ak lòt moun. Ou bezwen pran tout tretman nèt pou l ka mache.
- Pran medikaman an jan yo mande pou pran li sou preskripsyon an oswa sou boutèy la.
- Pran medikaman an ak manje pou anpeche w gen vant fè mal.



Kisa m dwe fè apre m fin pran medikaman sa a?

- Pa fè sèks nan bouch, nan dèyè oswa nan vajen pandan omwens sèt (7) jou apre ou menm ak patnè seksyèl ou a (yo) fin trete. Medikaman an pran sèt (7) jou pou l bay rezilta.
- Al wè doktè epi fè tès lòt STI yo, tankou VIH. Li enpòtan pou al fè tès lòt STI yo paske se gonore sèlman dòz medikaman sa a ap trete.



E si mwen pa panse m gen gonore?

Ou kapab gen gonore menm si w santi w an sante epi ou pa santi okenn sentòm. Ou kapab fè tès pou konnen si w gen gonore. Men, ou dwe toujou pran medikaman an kounya.



E si mwen ansent oswa mwen panse mwen petèt ansent?

Cefixime se yon medikaman ki san danje pou moun ansent, epi li ka ede l anpeche tibebe a enfekte pandan gwosès la ak pandan akouchman an. Ou ta dwe wè yon pwofesyonèl swen sante tou pi vit posib epi di li ou te pran tretman pou gonore paske patnè seksyèl ou te genyen l. Ou dwe mande yo fè tès pou ou pou lòt STI yo tou paske ou ka bay tibebe w la kèk lòt STI.



Èske medikaman sa a gen efè segondè?

Li kapab. Si w santi efè segondè, se kapab kè plen, vomisman, dyare, maladi gaz, kè brile ak doulè nan vant. Sentòm sa yo kouran epi yo pa reprezante danje. Si w vomi nan (1) inèdtan apre ou fin pran cefixime lan, w ap bezwen pran yon lòt dòz paske medikaman an gendwa pa fè efè. Pou w jwenn plis medikaman, rele nan nimewo telefòn ki sou preskripsyon an, oswa al wè yon pwofesyonèl swen sante oswa ale nan yon klinik.

Malgre yo ra, gen kèk moun cefixime fè reyaksyon alèjik grav sou yo. Reyaksyon sa yo ka lakòz pwoblèm respirasyon, kontraksyon pwatrin, gòj bouche, anflamasyon po bouch oswa lang, ak itikè (bontou sou po ki grate). Si w rankontre nenpòt nan reyaksyon sa yo apre w fin pran medikaman sa a, rele nan **911** tousuit oswa ale nan sèvis ijans ki pi pre w la.



E si mwen pa ka peye medikaman an?

Ale nan yon Klinik Sante Seksyèl nan Vil Nouyòk epi di yo patnè seksyèl ou a (yo) gen gonore. Pou w jwenn yon klinik, rele nan **311** oswa ale sou nyc.gov/health/clinics.



Kijan mwen ka fè prevansyon kont STI yo?

Lè w sèvi ak kapòt jan w dwe fè sa a epi lè w toujou sèvi avè l lè w ap fè sèks se pi bon fason pou fè prevansyon kont STI yo.